

# MAPPING COMMEMORATIVE CULTURES, BEST PRACTICES AND LESSONS LEARNED

## CASE STUDY: Haiti

**AUTHOR: DEVOIR DE MÉMOIRE-HAÏTI**

Nan kad pwojè sa a, nou te konsidere 7 fevriye a paske pandan senk (5) lane yo te konsidere l tankou yon dat ki enpòtan jiskaske dat enpòtan sa a plonje nan fè nwa tou dousman. Ofisyèlman, diktati Duvalier a te fini apre diktatè a li menm te fin pran egzil nan dat 7 fevriye 1986. Nan mwa desanm 1991, yo òganize premye eleksyon demokratik ann Ayiti. Prezidan Jean Bertrand Aristide monte sou pouvwa a nan dat 7 fevriye 1991. Yo te chwazi dat la espesyalman pou yo te make lefètke nou te antre nan demokrasi apre 29 lane diktati ak senk (5) lane kote se lame a ki t ap domine epi ki te sèl kòk chante nan zafè vyolans. Depi lè a, se repètisyon zak vyolans ki make chak 7 fevriye anvan yon eleksyon, biwo vòt yo pa aksesib pou moun, epi se desepsyon pa rapò ak jan yo itilize demokrasi a mal.

Nou chwazi 26 avril la paske se dat masak moun konnen plis pandan moman diktati a. Gras ak pledwaye nou te fè nan lane 2014, se sèl dat ofisyèl pou komemore krim yo te komèt pandan peryòd sa a nan listwa nou. Dekrè prezidansyèl ki te fè dat sa a vin yon jounen ofisyèl komemorasyon pa t rele li jounen komemorasyon pou viktim daktati a. Dekrè a te di se “Jounen Nasyonal Komemorasyon Viktim Fò Dimanch yo”, ki te yon prizon leta ak enstriman laterè notwa pandan diktati a. Dekrè a te mande pou yo mete drapo yo an bèn epi envite medya yo, lekòl yo, fanmi yo, sektè prive a ak sektè piblik la, epi òganizasyon sosyete sivil yo “make okazyon an”. Li pa ni rekonèt krim diktati a te komèt yo ni li pa mete responsablite sou do leta a pou anyen nan okazyon an.

## 1. Ann egzamine kontèks ki dekri peryòd vyolans la

Inan lane 1957, François Duvalier, ki te gen ti non 'Papa Doc', vin prezidan peyi Dayiti. Li revize konstitisyon an pou li pèmèt yo deklare li 'Prezidan a vi' nan lane 1964. Pa t gen moun ki te konteste vòt la alepòk piske yo te deja ranpli tout bilten yo pou di 'Wi' anvan elektè yo itilize yo. Duvalier mouri nan lane 1971. Apre lanmò li, pitit li Jean-Claude te ranplase li jiskaske yo voye li ale nan lane 1986. Se anpil masak estratejik pou elimine obstak politik, sosyal ak ekonomik, koripsyon, ak detounman fon ki te make reny 30 lane fanmi Duvalier a. Pifò masak yo te vize peyizan ki an pwovens yo, sa ki te lakoz plizyè milye moun mouri epi fè wout pou konpayi entènasyonal yo vin tabli yo pou yo eksplwate moun yo te sezi tè yo nan men yo.

Sitiyasyon ki genyen Ayiti jounen jodi a se rezilta eritaj diktati a ki te bay yon nouvo egzant pou montre jan prezidan Ayisyen yo ta pral jere enterè aktè entènasyonal yo, a savwa Lèzetazini. Gouvènman Ameriken an te kore ak tout fòs li tout dirijan yo, soti nan chèf militè defakto Raoul Cedras pase nan lidè pèp la te eli demokratikman an ki se Aristide, rive jiska Martelly ak tout prezidan pwovizwa ki pase yo. Nenpòt sa nou kapab di sou epòk vyolans youn deyè lòt nou te viv yo ak pwòp patisipasyon pa nou nan sitiyaasyon sa yo, fòk nou pa minimize enfliyans ak enpak kominote entènasyonal la kontinye ap genyen sou politik entèn nou an.

## 2. Patipasyon Ofisyèl nan Komemorasyon yo

Nan dat 12 janvye 2010, yon tranblemanntè mayetid 7.0 ki te touye plis pase 300,000 moun te frape Ayiti. Apre yo te fin debleye dekonm epi rasanble ak retire kadav, yo te fouye yon fòs komin an deyò kapital la pou yo antere tout viktim yo. Twa (3) lane apre, nouvo administrasyon an te òganize yon memòryal sou sit palè nasyonal la ki depatcha. Nan lane 2015, yo bati yon moniman kote fòs komin lan ye a epi òganize yon komemorasyon piblik kote yo te mete flè sou moniman an. E pou fini, nan lane 2018, nouvo prezidan an te òganize yon lòt komemorasyon nan palè nasyonal. Komemorasyon yo pou lemye fèt yon lè konsa.

Pou Devoir de Mémoire-Haïti (DDMH), men moman ki pi resan kote te gen patipasyon ofisyèl nan komemorasyon ki lye ak diktati a:

1. Ansyen Prezidan René Préval te patisipe nan komemorasyon nou te òganize nan lane 2013 la poukont li, san okenn sekirite ni fanfa yo konn bay yon ansyen Prezidan.

### THE GLOBAL INITIATIVE FOR JUSTICE, TRUTH, AND RECONCILIATION

In 2014, the International Coalition of Sites of Conscience (ICSC) launched the Global Initiative for Justice, Truth & Reconciliation (GIJTR), a consortium of nine international organizations focused on offering holistic, integrative, and multidisciplinary approaches to issues of truth, justice, and reconciliation. GIJTR works primarily with local populations, civil society organizations, survivors, and governments to develop transitional justice approaches that are victim-centered and collaborative and support dignity, respect, inclusion, and transparency in societies emerging from conflict or periods of authoritarian rule. Since its founding, GIJTR has engaged with people from 72 countries, worked with 681 civil society organizations, conducted 323 community-driven projects, and documented more than 5,040 human rights violations.

For more information, please visit [gijtr.org](http://gijtr.org).



**GIJTR**

Global Initiative for Justice  
Truth & Reconciliation

2. Nan lane 2022, Biwo Pwotektè Sitwayen an te vin kote DDMH pou li poze kesyon sou zafè komemorasyon 26 avril 2022 a ak òganizasyon yon seri evènman ki pale sou diktati a pou l antisipe 60yèm anivèsè masak la nan lane 2023. Apre reyinyon an, yo te soti yon nòt pou laprès ki di gouvènman an ta dwe respekte okazyon an. Depi lè a, nou pa tandè nouvèl yo.
3. DDMH jwenn otorizasyon meri Petyon Vil ak meri Pòtoprens pou li pandye bandwòl epi fè plizyè enstalasyon grafiti sou lavwa piblik.

### SA PIBLIK LA REKONTE SOU VYOLANS DETA A

Li pa fè sans nan moman sa a pou nou atann gouvènman Ayisyen an pral pran responsablite pou okenn evènman ki te pase an 2020 ni menm rekonèt yo, alewè pou evènman ki te pase sa gen 30-60 lane. Ant lane 1991 ak 1994, Ayiti te anba yon rejim militè. Gras ak retou lidè demokratik la Aristide, te vin gen yon komisyon verite ak jistis ki te rasanble temwayaj ak prèv ki montre te gen vyolasyon sistematik dwa moun, an patikilye tòti. Nan lane 1994, militè Ayisyen ak fòs paramilitè yo te fè atanta sou yon katye ki t ap sipòte Aristide. Apre atanta a, te gen anpil blese ak kadav nan lari a. Yo pa te kite moun ranmase kadav yo. Kidonk, pa te janm gen konfimasyon ofisyèl sou kantite moun ki te blese ak mouri men yo estime se te apeprè 30 moun. Nan lane 2000, yo te jije plis pase 50 moun pou atanta a epi yo te kondane 37 pou ale nan prizon menm si se sèlman 16 yo te kondane, yo te kondane rès la dèyè dò yo. Se te premye fwa nan listwa peyi Dayiti kote te gen yon pwosesis jistis tranzisyonèl. Men, mwens pase 5 lane apre, yo te anile pèn yo. Depi lontan nou konnen lè yon moun okipe yon pòs ofisyèl, menm si se yon ti pòs, li ba li yon sèten pouvwa. Natirèlman, sila yo ki nan pòs enfliyans reyèl yo, tankou jij yo, sistematikman itilize pouvwa yo mal nan mete dosye yo sou kote epi inyore non sèlman eta de dwa a men tout konvansyon entènasyonal Ayiti siyen yo.

Gouvènman Ayisyen an pa menm pini pwòp krim pa li yo. Epi, li aji pandan li ap vyole trete entènasyonal yo paske li trè fasil pou li fè sa lè genyen tikal prèv ki pwouve krim sa yo epi leta a pa peye okenn konsekans. Mekanis rapò Nasyonzi (United Nations, UN) an, tankou Rapò Espesyal ak Egzamen Peryodik Inivèsèl (Special Rapporteurships and Universal Periodic Reviews) kontinye ap mande pou yo pran mezi nan kad dosye Duvalier a epi pou yo egzamine Komisyon Verite ak Jistis ane 1995 lan. Sepandan, gouvènman Ayisyen an kontinye ap bay manti konsènan mezi li pran yo oswa li inyore enpòtans rekòmandasyon sa yo nètalkole. Reyaksyon gouvènman Ayisyen an fas ak rapò Egzamen Peryodik Inivèsèl Nasyonzi an pou lane 2016 pwouve sa kote yo te ankouraje gouvènman an pou li aplike rekòmandasyon Komisyon Verite ak Jistis Ayiti ane 1995 lan apre rejim militè vyolan ki te dire 3 lane a. Reyaksyon gouvènman Ayisyen an kapte atid leta a konsènan travay memwa, men ki jan reyaksyon an te ye:

*Konsènan rekòmandasyon Komisyon Verite ak Jistis te fè yo, piske yo gen pou wè ak pwosè Raboteau a epi apre, viktim yo ak moun ki egzekite krim yo viv ansanm ann amoni nan yon lapè sosyal ki plizoumwèn dirab, gouvènman an te jije li pa nesèsè pou li tounen sou evènman ki te pase a lè li relanse pwosè a.<sup>2</sup>*

Jiska dat, komemorasyon DDMH la pa jwenn twòp opozisyon bòkote ofisyèl yo. Malgre gen anpil moun nan domèn piblik la yo konnen ki te pwofite anpil nan diktati a, fidèl yo te fidèl anvè diktati a se te pou yo te ka jwi pi bon opòtinite yo, se pa t pou zafè ideyoloji. Youn nan pi gwo obstak yo se lefètke chans nou genyen pou fè pledwaye pou travay memwa a limite paske nou toujou ap kwaze avèk koupab yo ak konplis moun konnen yo. Nou tanmen relasyon avèk divès òganis entènasyonal ki gen pwotokòl yo ki mande pou yo envite kèk ofisyèl nan kèk evènman. Lè nou rive epi nou wè moun nou konnen ki vyole dwa moun antoure n, nou pa kapab patisipe toutbonvre. Souvan, nou annik kite evènman an. Pafwa, gen evènman nou te kapab patisipe ladan yo. Men, kote yo òganize yo a se pou kriminèl yo. Gen lòt fwa, nou oblije frekante moun ki nan menm kan ak kriminèl sa yo.

### **SA KI TE PASE A**

Nan dat 26 avril 1963, Duvalier te òganize yon masak pou li elimine militè ak pèsònèl ki te swa kont desizyon li pran oswa ki te okipe yon pòs li te vle pou youn nan moun ki nan antouraj li yo. Duvalier te jwenn enfòmasyon ki di yo ap monte yon konplo pou yo asasinen pitit gason li, Jean-Claude. Duvalier te fè espere li kite konplo a pase, li mete lavi toude pitit li yo an danje, epi yo touye twa sekirite. Gras ak jistifikasyon sa a, li deklannche yon swadizan kòlè pou li elimine tout militè li te jije ki bay pwoblèm. Nan eksplikasyon li te bay, li lage chay la sou do François Benoît, ki se yon ofisyè epi tirè elit. Li eseye masakre tout fanmi Benoît, menm fanmi madanm li. Yo te devalize kay Benoît a epi mete dife ladan l. Yo touye sèt (7) moun anndan an. Yo pa t janm jwenn pitit gason 18 mwa li a. Yo te sible fanmi madanm li tou epi touye nèf (9) moun, pami yo yon tibebe. Konfyòl Duvalier yo, ki rele makout, te pase nan kapital la tankou radmare, epi etandone yo te enfòm yo lavèy, makout nan lòt vil yo te fè menm bagay la avèk lis moun ki sible yo te genyen nan men yo a. Nan fen jounen an, yo te touye, arete plis pase 500 moun, oswa yo pa t janm wè moun sa yo ankò. Pa gen moun ki konnen sò moun sa yo jouk jounen jodi a.

### **3. PraEpi apre evènman an,**

DDMH komemore jounen 26 avril la pou li fè sansibilizasyon, non sèlman sou masak 1963 a men sou diktati a an jeneral, epi pou yo chwazi yo lè ak yon kote pou komemore moun ki te mouri oswa disparèt pandan peryòd sa a nan listwa nou. Depi lè nou tanmen komemorasyon yo nan lane 2013, nou fè sèvis relijye, pandye bandwòl nan vil la, fè piblikasyon sou medya sosyal avèk istwa jounen an, epi nan lane 2019, gras ak sipò Wo Komisarya Nasyonzini pou Dwa Moun (UN Office of the High Commissioner for Human Rights, UN OHCHR), nou te òganize yon konferans sou jistis tranzisyonèl ak krim ki pase yo. Men, nou pa òganize yon evènman fas-a-fas depi 2019. Ant COVID ak sitiyasyon sekirite frajil ki ann Ayiti a, li pa posib. Ane sa a, nou pa genyen ni moun ni lajan. Donk, nou sèlman fè piblikasyon sou medya sosyal yo malgre anpil patnè toupatou nan monn lan ak nan dyaspora a enterese.

## 26 AVRIL 1986

Yo voye Jean-Claude Duvalier ale an fevriye 1986. Apre yo fin voye li ale, te gen yon seri manifestasyon ki deklannche. Nan mwa avril menm ane sa a, François Benoît te gentan retounen ann Ayiti pou li mobilize yon tranzisyon, ki kòmanse avèk yon komemorasyon masak 26 avril la. T ap gen yon mès nan yon legliz katolik epi apre sa t ap gen yon lapwosesyon lan pou ale nan Fò Dimanch. Se konsa yo te planifye premye komemorasyon an apre chit diktati a. Lè lapwosesyon an ki te gen plizyè milye moun ladan li rive, yo rankontre avèk plizyè gad ki poste azalantou fò a, genyen ki mete jenou yo atè dèyè mitrayèt 50 kalib yo. Gen kèk moun ki t ap chante, epi gen lòt ki te kòmanse ajite epi ki te kòmanse eseye louvri baryè yo. François Benoît, ki t ap pale nan yon pòtvwa, te eseye kalme foul la men nan yon bat je, bagay yo te dejenere. Gad yo koupe fil kouran yo lage sou foul la ki te gaye ase pou yo fè yon sovkipe. Fil kouran yo trape epi griye de (2) gason men yo te rive siviv gras ak François Benoît ki te pouse fil kouran yo avèk yon chèz an bwa . Gad yo te tonbe tire sou foul la, yo blese anpil moun, epi touye sèt (7) ladan yo . Yo te kraze komite planifikasyon an ki te rele Komite Pa Bliye apre komemorasyon an.

## 26 AVRIL 2013

Nan lane 2013, fanmi yon viktim masak 26 avril 1963 a te gen entansyon òganize yon mès nan memwa papa yo ki te disparèt jou sa a. Se yon bagay yo te fè chak detwa lane, men lane 2013 la te make 50yèmanivèsè jou a. Men, lè yon viktim te tandè sa, li te annik di: “Men se pa sèl nou ki te viktim nan masak 26 avril la. Si nou ap fè sa, nou dwe fè li pou tout moun”. Komemorasyon ane 2013 la se te premye komemorasyon ki te fèt depi lè yo te fè premye tantativ la nan lane 1986. Pifò manm nan komite 1986 la te patisipe nan evènman 2013 la. Fwa sa a, apwòch la te anrasinen anpil nan fè sansibilizasyon pou fè limyè blayi sou verite pase nou piske jèn jenerasyon nou yo pa konnen anyen sou peryòd sa a nan listwa nou. Gras ak nouvo apwòch sa a, komite òganizasyon te konpoze ak manm fondatè DDMH yo, ki te gen ladan l François Benoît ak madanm li. Pandan tout moman planifikasyon an, te gen plis moun ki te kòmanse pote tèt yo pou bay temwayay yo sou jounen sa a nan diferan estasyon radyo, pataje foto ak dokiman, ede nan planifye oswa voye flè.

Pandan tout mwa avril la, nou te òganize plis pase 12 entèvyou nan radyo avèk moun ki te pataje istwa yo sou jou sa a. Pifò nan yo admèt yo pa t janm pale sou evènman ki te pase nan jounen an pandan 50 lane depi lè yo te fèt la. Pitit ak pitit pitit te finalman ap aprann sa ki te pase paran yo ak granparan yo. Nan dat 26 avril 2013, gras ak sipò lòt viktim ak zanmi ann Ayiti ak nan lemonn, nou te òganize sèvis nan twa (3) vil diferan ann Ayiti ak nan lemonn nan peyi Lafrans, Itali, Bèljik, Lasuis, Espay, Kanada, Pòtoriko, Paragwe, Florid, Kalifòni, ak Nouyòk . Nan evènman ki te fèt nan kapital la, ki se deklannchè a, te genyen plis pase 1000 moun. Te gen yon mi ki gen foto viktim yo, yon bandwòl ki gen non viktim yo konnen yo. Nan fen sèvis la, yo te li non yo pou tout moun tandè.

## 26 AVRIL 2019

Nan lane 2019, fason nou te prepare komemorasyon nou an se te pou gen de (2) evènman ki fèt an menm tan ki akeyi sis (6) lekòl diferan ak apeprè 600 elèv pou vin wè ekspozisyon ki plizyè kote nou òganize a epi gade yon pwodiksyon pyès teyat ki rele “Temwayaj” ki te prezante toude fasèt pèsèpsyon sou diktati a kote yon gwoup ki reprezante yon jenerasyon ki pi jèn te pale sou jan bagay yo te pi bon alepòk, epi yon lòt gwoup viktim ki ap di yo sa sityasyon an te

ye toutbonvre nan fè temwayay sou sa yo te viv. Ekspozisyon an se yon kwonoloji sou diktati a ki sou pano afichaj ki gen foto ak diskripsyon evènman yo. Li gen ladan tou kèk koleksyon espesyal pou masak yo tankou 26 avril kote nou genyen foto viktim yo avèk yon gwo bandwòl ki genyen non yo tout.

Nou te resevwa yon kontribisyon nan kad yon pwojè komen sou jistis tranzisyonèl nan men Pwogram Devlopman Nasyonzi (United Nations Development Programme, UNDP) ak UN OHCHR. Objektif fon an se pou te òganize twa (3) konferans an menm tan 26 avril nan Pòtoprens DDMH t ap òganize, epi nan Sen Mak ak Fò Libète de (2) òganizasyon patnè t ap òganize. Chak evènman ta pral obsève yon moman silans nan memwa tout viktim vyolans deta a epi apresa ta pral genyen yon panèl chita pale ak temwayaj viktim yo ap òganize. Yo pa te distribiye fon an a tan pou òganize evènman yo. Kidonk, manm DDMH yo te oblije fouye men nan pòch yo pou peye pou òganize evènman Pòtoprens lan. Yo pa te gen ase mwayen pou fè pwomosyon pou li e se sa ki fè pa t gen twòp moun ki te patisipe ladan li. Se jis nan mwa jiyè lè yo te finalman distribiye fon an de (2) lòt òganizasyon patnè yo te òganize evènman pa yo a.

#### **4. Lòt Pratik Komemoratif yo**

Pandan moman diktati a, plis pase 80% moun nan popilasyon an se te peyizan ki t ap viv an pwovens. Abi yo mwens pale sou li pandan diktati a se lè Duvalier te itilize estrateji ak sistèm lan pou li dezerite peyizan yo. Aksyon sa a fè ekonomi an ak pifò moun nan popilasyon nou an plis mal. Lè nou t ap prepare plan estratejik la, nou te idantifye yon gwo vid kote nou pa t wè asosyasyon peyizan yo reprezante nan atelye oswa konferans sou jistis tranzisyonèl ak enpinite. Se poutèt sa, nou te jwenn yo epi kontribisyon yo te bay te rann plan an enklizif nan yon fason ki inik. Nou te rasanble yo nan yon sal avèk òganizasyon dwa moun yo ak òganizasyon sosyete sivil moun nan tout kouch sosyal te reprezante.

DDMH te òganize komemorasyon nan diferan kominote nan peyi a, sitou nan lekòl yo. Komemorasyon ki te pi enpòtan ladan yo a te fèt nan lane 2014 nan sidès peyi Dayiti nan yon kominote peyizan ki rele Tyòt kote nan lane 1964 yo te dekouvri kominote a te ede gwoup rebèl yo. Duvalier te itilize okazyon an pou li pini moun nan kominote a epi sezi tè yo tou; yo te asasen 600 moun. Lè DDMH te òganize komemorasyon an, nou te gen entansyon òganize yon mach soti nan plas piblik la rive nan gran semetyè a epi rann ekspozisyon sou diktati a disponib nan yon sant kominotè pandan yon semèn. Pifò moun nan kominote a te fè depasman pou vini nan evènman an epi pifò moun ki te la yo pa t janm konnen rezon ki fè yo te fè masak la. Nou te rakonte yo istwa a. Epi apre evènman an, lekòl yo te kontinye ap mande pou yo ale nan ekspozisyon an. Nou te kite li pou kominote a pandan yon mwa. Lè kominote a montre nou yon fons kote yo te antere moun ki mouri jou masak la, nou ede yo monte yon tombo pou viktim yo kote nou make dat masak la epi yon ti istwa sou sa ki te rive jou sa a. Kominote a di nou se premye fwa ke yo santi yo vreman antere moun yo.

Yon lòt bò, nou te komemore yon masak ki menm jan an kote Duvalier te pini yon kominote kote anpil rebèl te soti nan masakre fanmi rebèl yo te deja masakre yo. Te genyen anpil Ayisyen po klè

nan vil sa a. Lè nou te komemore okazyon an avèk ekspozisyon an ankò epi rakonte istwa a, moun yo remake yo pa t konnen si Ayisyen po klè yo te viktim tou. Nan vil Jeremi, nou te ede kominote a netwaye e refè yon tombo kote yo te mete non viktim masak yo sou mi yo. Kominote a byen jere sit la jiskaprezan e de tanzantan yo pote flè ak limen balèn. Yo te remèsye nou anpil epi di selon yo menm, depi lè masak la fin fèt la nan lane 1964, gen yon “madichon” sou rejyon an.

DDMH gen twa lò sit kote nou komemore dat ak moun ki impòtan. Premye a se yon plak bò yon gwòt nan mòn anlè Pòtoprens kote yon jèn rebel, Hector Riobé, te kache ap fè lagè kont makout. Jèn gason a touye tèt li lè makout yo lage yon bourik ki tap pote manman l ke yo te finn bat epi yo mare l toutouni. Kominote a pèmèt nou met yon plak ak foto jèn la, dat li mouri a epi yon ti esplikasyon sou sa ki te rive nan kote sa. De lòt sit yo se de miral graffiti, youn se de jèn rebel, Louis Drouin ak Marcel Numas, ke yo te egzekite piblikman na simtyè Pòtoprens la. Miral la sou mi simtyè sa a e se moun nan katye ki kenbe sit sa a pwòp. Dènye miral la se de yon fanm jounalis, Yvonne Hakim Rimpel, ki te ekri anpil atik pou kondane diktati a depi komansman li. Yo te arete l pou yo bat li epi yo vyole li, apre say o lage li toutouni nan lari a. Menm moman a, li tou kite peyi a san li pa janm tounen, mè jis jounen jodi a li se youn nan pi gwo militant feminis na istwa dayiti.

Anplis DDMH, genyen yon fondasyon kiltirèl lokal ki te òganize plizyè evènman diferan tankou konferans ak ekspozisyon foto sou moman diktati a, ki gen ladan patwonaj kèk piblikasyon istoryen oswa viktim men li pa komemore dat espesifik yo souvan.

Nan Nòdwès peyi Dayiti, te genyen yon masak nan dat 23 jiyè 1987 yon lane apre chit diktati a, kote yo te masakre 139 peyizan. Kominote a ak asosyasyon peyizan ki ladan yo komemore jounen an chak ane (apati 2018) nan vizite tonm yo te mete kote fòs komin lan ye a epi yo redrepeze plent yo nan tribinal lokal la pou mande jistis pou moun yo masakre yo.

Pandan senk (5) dènye ane yo, vyolans gang yo rive nan yon nivo ki san parèy epi li lakoz lanmò anpil moun ak depasman plizyè milye moun. Nan tout kapital la ak zòn ki anviwonnen li yo, genyen souvan bandwòl ki gen mesaj adye kominote a mete pou moun ki te mouri yo, souvan se te jèn gason. Pafwa, nan plas bandwòl yo, genyen penti sou mi yo penn ki genyen foto viktim yo ak dat yo fèt ak dat yo mouri; la ankò, se toujou jèn gason. San jistis ki apwopriye, moun yo komemore lanmò pwòch yo nan pi bon fason yo kapab.

Jouk jounen jodi a, se gwoup sosyete sivil yo ki dirije tout komemorasyon zak vyolans nou wè oswa tandè ann Ayiti yo epi pa janm gen okenn ofisyèl ni antite leta ki patwone yo.

## **5. Defi ak Leson nou Aprann**

Zafè travay avèk òganis entènasyonal tankou Nasyonzini kapab limite yon òganizasyon dwa moun akoz pil papyè pou ranpli ak reta ajans sa yo bay. Nan egzanp anwo a sou komemorasyon 2019 nou an, reta fon yo te pwomèt nou an te pran te prèske kraze repitasyon nou ak relasyon nou avèk òganizasyon patnè nou te panse òganize komemorasyon sa a avèk yo. Lè n konnen istwa detounman fon ak koripsyon nan kad finansman èd ann Ayiti, te gen moman kote moun te kwè nou te pran fon an pou n regle zafè nou epi ba yo manti.

Genyen pratik sa a ki toujou la ki fè moun fè bagay yo an fonksyon pwotokòl ki pa kapab adapte ak reyalyte ki diferan. Òganis entènasyonal yo reprezante enterè kolektif e se sa ki fè yo pa kapab mete sou pye pwogram gouvènman lokal la pa apwouve epi pwogram ki apwouve yo dwe lanse avèk òganis piblik lokal yo (sètadi, envitasyon nan evènman, chita pale, elatriye). Ant 2018 ak 2019, nou te kolabore avèk Nasyonzi pou n elabore yon plan estratejik nasyonal pou nou lite kont enpinite epi retounen sou krim ki pase yo. Pandan tout pwojè sa a, nou te ensiste pou nou rankontre avèk Ofis Pwotektè Sitwayen an (OPC) pou nou mete li okouran sou travay ki ap fèt la epi idantifye kote OPC te kapab bay kout men. Nou te fè bak paske OPC jan li kanpe a se yon senbòl enpinite. Se yon komite ki sipoze nonmen direktè biwo sa a, men se ansyen prezidan an, Jovenel Moïse, ki te nonmen direktè ki la kounye a; epi yo enstale biwo OPC a nan yon ansyen kay yon gwo fonksyonè divalyeris yo konnen ki te konn kenbe ak tèt moun nan selil ki nan pwòp kay pa li. Selil sa yo toujou aksesib jounen jodi a. Malgre sa, nou te rankontre avèk li paske sa te pèmèt nou 'koche yon kaz' nan pwotokòl la epi mete li nan dokiman plan estratejik la men li pa t reyaji sou dokiman an.

Òganizasyon sosyete sivil yo toujou manke resous epi yo trè souvan ap jere kriz ak lòt sitiyasyon ki mande pou yo pran mezi lapoula. Kidonk, li enposib pou yo tanmen yon nouvo pwojè, se nan sitiyasyon sa a travay memwa a ta pral twouve li etandone nou se sèl òganizasyon ki angaje li poukont li nan travay memwa ki egziste kounye a. Bagay ki pi enpòtan nou te aprann se fè sa ki posib la avèk sa ki disponib la. Anpil òganizasyon pa p tanmen travay memwa paske pa gen okenn fon, ni yo pa kapab akeyi yon pwojè konsa. Kidonk, yo ap tann pou reyalyte a chanje. Men, pandanstan viktim yo ap vyeyi epi mouri epi nou ap pèdi temwayaj ki enpòtan yo. Sa mennen nou nan dezyèm leson ki pi enpòtan an, ki se dokimante tout bagay nan premye okazyon ou jwenn lan.

## **6. Pi Bon Pratik yo**

Etandone defi sa yo, nou te aprann adapte nou epi fè nenpòt sa ki te posib avèk sa nou te genyen. Nou kolekte temwayaj yo nan imèl, nou tape souvni nan epòk la, nou konsève yon lis ki gen non kriminel yo ak viktim yo, nou pran foto nan men moun nou konnen epi nou fouye entènèt la pou nou jwenn imaj ak plis enfòmasyon. Nou te prepare ekspozisyon ki plizyè kote a avèk kòb manm ak fanmi yo lè nou pa t genyen okenn espas fizik ki pou akeyi li epi nou kreye yon paj Facebook pou n pataje souvni nou kolekte yo. Tout sa te pran anpil tan nan tan benevòl yo, men an reyalyte li te sèlman koute kèk santèn dola. Nenpòt lè ak nenpòt kote sa posib, nou lanse apèl pou moun ak konpayi nan sektè prive yo patwone aktivite yo, pa egzanp, nan fè kado kès dlo oswa chemiz nou kapab fè enpresyon sou yo. Epi, nou lanse apèl pou zanmi ki genyen resous enpòtan, tankou yon istòryen ki gen aksè nan yon estasyon radyo oswa atis ak chantè. Gras ak apwòch sa a, nou te pwodui yon emisyon radyo ki pase chak mèkredi ak jedi pandan dezèdtan ki rele "Vinn Koute". Se B.I.C, youn nan chantè ki pi popilè ann Ayiti, ki pwodui djingèl emisyon an, epi nou genyen viktim oswa ekspè ki vin pale sou diferan aspè nan diktati a. Pafwa se temwayaj, pafwa se kontrandi detaye yo fè sou enpak daktati a fè sou divès aspè nan sosyete nou an, tankou enpak ekonomik detounman plizyè dizèn milyon dola oswa eritaj koripsyon diktati a kite dèyè li. Menm jan an, se Ralph Allen, yon mèt atis Ayisyen ki gen renome mondyal, ki te kreye logo òganizasyon an. Epi, se Jerry, yon atis grafiti popilè, ki pwodui tout penti sou mi pou nou.



Sosyete Ayisyen an divize, men nou genyen yon gwo kapasite pou n gen kè sansib ak fè solidarite. Lè nou konsidere vyepti resous nou genyen pou n fè travay memwa a nan yon nivo ki pi avanse, nou konstate se sansibilizasyon ak ranfòsman solidarite ki se mwayen ki pi efikas pou nou kontinye kolekte ak pataje verite a.

## References

Arrêté Présidentiel du 28 avril 2015 publié dans le Moniteur #79 mardi 28 avril 2015

Clérieré, Philippe. "Une journée pas comme les autres"; Le Nouvelliste, July 17, 2013.

New York Times, June 15, 1964

Rapport du gouvernement Haïtien pour le comité des droits de l'homme – EPU 2016, pg.25

Testimony of Jocelyn David, 2019. DDMH Archive.

*Un autre 26 avril entaché de sang*, Le Nouvelliste, 26 et 27 avril, page. 1-2.

## ENDNOTES

<sup>1</sup> New York Times, June 15, 1964

<sup>2</sup> Rapport du gouvernement Haïtien pour le comité des droits de l'homme – EPU 2016, pg.25

<sup>3</sup> Testimony of Jocelyn David, 2019. DDMH Archive.

<sup>4</sup> *Un autre 26 avril entaché de sang*, Le Nouvelliste, 26 et 27 avril, page. 1-2.

<sup>5</sup> Clérieré, Philippe. "Une journée pas comme les autres"; Le Nouvelliste, July 17, 2013.



**GIJTR**

Global Initiative for Justice  
Truth & Reconciliation